

Lavi pwezi kreyòl ayisyen soti nan lane
1975 rive 2000 :



Yon vitrin idantite ak rezistans lengwistik

Lydia Bradford

*A thesis submitted to the Department of Romance Studies
for honors
Duke University
Durham, NC
2017*

Rezime an kreyòl

Depi jou kolonyal an Ayiti, ayisyen kreye pwezi nan kreyòl pou ekprime yo menm. Menm avan aksè kilti piblikasyon te komèn, pwezi te nan chante, seremoni relijyon, ak lapawòl. Pwezi sa a, ki te plen avèk anpil tèms diferan, vini ansanm pou kreye yon kò reprezantasyon literati oral ki moun te rankonte lòt, ki enkli travay ki reprezante eksperyans esklav ak batay yo pou rive nan rebelyon anba kolonyalis franse. Malgre kèk ekspesyon, yon mank kilti piblikasyon ak yon sistèm edikatif ki te an franse te fin fè yon mank pwezi pibliye ak ekri an kreyòl. Sa te pase jouk lane 1951, lè yon antoloji Felix Morriseau-Leroy, *Dyakout I*, te lanse yon nouvo peryòd ekspresyon pwezi pibliye an kreyòl.

Powèt ki te itilize kreyòl te koumanse batay pou etabli lang lan kòm yon zouti kreyatif literati ki te respekte. Sepandan, se pa jouk refòm Barnard nan 1979 ke gouvènman te pemèt kreyòl kòm lang enstriksyon nan lekòl. Menm sa a, kreyòl pe te rekonèt tankou yon lang osifyèl an Ayiti jouk konstitisyon 1987 ki di nan atik 5, « Sèl lang ki simante tout Ayisyen nèt ansanm, se kreyòl la. Kreyòl ak franse se lang ofisyèl. » Akòz wòl sentral lang lan nan sosyete ak batay pou itilize li nan lekòl, nesèsite pou yon gran kò literati pibliye ak oral an kreyòl vin evidan.

Peryòd sa a te yon ki te gan anpil mizè politik an Ayiti. Soti nan rejim Jean-Claude Duvalier pou rive nan ranvèsè « duvalierism, » swivi avèk yon pakèt gouvènman militè yonn apre lòt epi yon batay lant pou rive nan eleksyon jis, peryòd sa a wè anpil powèt ak otè kite Ayiti pou yo ale lòt kote tankou Etazini, Kanada, Frans, ak Afrik frankofòn, kote yo te souvan kontinye ekri kont rejim politik ki te opresif. Tèz sa a etidye 8 powèt gason ak 5 powèt fi ki te pibliye powèm ki te nan kèk antoloji. M wè antoloji tankou yon endèks sou enflyans travay yo. Kèk yo te rete nan Ayiti, men anpil te rete lòt kote avèk diaspora pou kèk tan oubyen tout tan sa a. Pwezi yo bay yon nouvo vwa pou opresyon ak pou lespwa. Tèz sa a, ekri an kreyòl ayisyen, yon lang m te etidye pou kat lane isit nan Duke inivèsite epi nan vwayaj pou edikasyon ak rechèch, analize imaj pwezi ak tèms tan sa a tankou yon vitrin ki bay yon vi sou itilizasyon kreyòl nan literati kòm idantite lingwistik ak pratike resistans pwetik.

Metodoloji mwen te koumanse avèk yon evalyasyon sou kò literati. M te fè sa nan konpare sa ki nan sis antoloji diferan sou literati ayisyen. Apre m te chwazi twèz powèt enpotan, m te analize tèms ak imaj komèn pou tout powèt yo. Kèk imaj enpotan powèt te itilize te kò, bèt, nati, espas, ak lapawòl – yo te itilize yo pou ekprime tèms tankou lanmou, lamizè, poblèm sosyal, lespwa, relijyon, ak lide politik. Avèk fòm imaj kreyòl sa yo, powèt etabli travay yo nan reyalite yo wè chak jou – reyalite pèp ayisyen konn ak konprann. Se sa ki simante pèp ansanm, ki bay powèt pouvwa pou revele verite, souvan verite ki kache. Nou wè sa a nan pwezi ki pale sou pwoblèm sosyal ak politikal. Menm tan, ann nou pibliye pwezi an kreyòl, powèt yo rele pèp la pou tounen nan rasin lingwistik ak valorize kreyativite lang lan.

English abstract

Since the days of colonial Haiti, Haitians have created poetry in their native tongue Creole (“*kreyòl*”) to express themselves. Even before access to print culture was common, poetry was used in song, religious ceremonies, and spoken word. This poetry, filled with many different themes, forms a corpus of oral literary representations that were passed among people, including works representing the experiences of slaves and their push towards rebellion under French colonialism. Despite some exceptions, a largely inaccessible print culture and a predominantly French language-based educational system resulted in a dearth of published poetry written in Creole. This state of affairs lasted until the 1950s, when an anthology by Felix Morriseau-Leroy, *Dyakout I*, launched a new trend of printed poetic expression in Creole.

Poets’ use of Creole initiated the struggle to cement the language as a respected vehicle of literary creativity. However, it was not until the Bernard Reform of 1979 that the government formally permitted Creole as a language of instruction within the educational system. Even after the Bernard Reform, Creole was not recognized as an official language of Haiti until the Constitution of 1987 which states in article 5, “All Haitians are united by a common language, Creole. Creole and French are the official languages of Haiti.” Given the language’s central role in society and the push towards its use in the educational system, the necessity for a robust body of published as well as oral literature in Creole becomes apparent.

This was also a period in which political strife reigned in Haiti. From the regime of Jean-Claude Duvalier to the overthrow of “duvalierism,” followed by a series of military regime and a slow, difficult path to fair presidential elections, this era saw the flight of many Haitian poets and authors to the United States, Canada, France, and Francophone Africa, where they often continued to write against oppressive political regimes. This honors thesis studies 8 male and 5 female Haitian poets who published poems that were featured in not one but in several poetic anthologies, which I see as an index of the influence of their work. Some of them lived in Haiti but many of them lived abroad in the diaspora partly or wholly during this time. Their poetry gives a new voice to oppression and to hope. This thesis, written entirely in Haitian Creole, which I studied in four courses here at Duke University and in educational travel and research, analyzes the poetic imagery and themes of this era as a window on to the literary use of Creole as a linguistic identity and practice of poetic resistance.

My methodology began with an assessment of literary canon formation by comparing the contents and structuring principles of six different Haitian literary anthologies. Having chosen thirteen influential poets, I analyzed the common themes and imagery among the poems. Key imagery used by the poets included the body, animals, nature, space, and speech – which they used to express themes of love, misery, social issues, hope, religion, and political ideas. Through these forms of Creole imagery, the poets ground their work in the reality seen every day – the reality which the Haitian people experience and understand.

This engagement ties the people together, giving the poet power to reveal truths, and often truths disguised, to the people, as seen in poetry surrounding societal and political issues. Similarly, in adding to this new corpus of published poetry in Creole, the poets call their readers back to their linguistic roots, and to the transformative value of creative language.

Sa ki nan tèz la

| | |
|---|----|
| Rezime an kreyòl..... | 2 |
| English abstract | 3 |
| Rèmèsiman..... | 6 |
| Entwodiksyon..... | 7 |
| Istwa pwèzi kreyòl ayisyen avan 1950 | 16 |
| Listwa peryòd sa a : 1975-2000 | 18 |
| Itilizasyon kèk bèt kòm imaj nan pwezi yo | 20 |
| Toutrèl ak zwazo kòm libète | 20 |
| Chwal anba pwa tiran..... | 22 |
| Itilizasyon kèk pati kò kòm imaj nan pwezi yo | 26 |
| Kè kòm ekspresyon santiman | 26 |
| San kòm imaj tirani ak lanmò | 28 |
| Itilizasyon nati kòm imaj nan pwezi yo | 30 |
| Lapli kòm lespwa, Solèy kòm opresyon | 30 |
| Itilizasyon espas kòm imaj nan pwezi yo | 34 |
| Espas kòm yon deklarasyon politik..... | 34 |
| Lari ak lavil kòm yon ekspresyon kont lamizè..... | 37 |
| Itilizasyon mo kòm imaj nan pwezi yo | 41 |
| Pawòl kòm pouvwa | 41 |
| Lanmou ant powèt ak mo li itilize..... | 42 |
| Konklizyon..... | 44 |
| Apenndis..... | 47 |
| Tab 1: | 47 |
| Tab 2: | 51 |
| Sous [bibliyografi] | 53 |
| Nòt..... | 56 |

Rèmèsiman

M pa te ka ekri tèz sa a san èd de konseye mwen, Deborah Jenson ak Jacques Pierre. M vle di yo mèsì pou tout pasyans yo te gen avèk mwen nan moman m t ap ekri tèz la. M vle di yo mèsì pou tout tan yo te pase avèk mwen pou pale sou powèm yo ak fason pou chita analiz mwen sou powèm yo. Pou tout èd yo nan chak sitiyasyon. M vle di Jacques mèsì pou tout èd li nan travay sa a ansanm ak tout sa m te aprann nan kas kreyòl m te pran nan men li. Anplis, m ta renmen di Deborah mèsì pou tout tan li te pouse mwen pou fouye plis nan rechèch mwen sou powèm ak powèt yo.

M vle di tout manm komitè mwen Deborah Jenson, Jacques Pierre, ak Laurent Dubois mèsì pou tan yo te pran pou li tèz mwen, patisipe nan defans lan pou evalye li, epi fè mwen kèk rekòmandasyon ki nesèsè pou apwofondi travay la.

Entwodiksyon

*Ou kanpe nan maj la
w ap jwe nan rèv mo yo
paj pa paj
n ap fè lanmou
sou papyè kadriye*

Lyonel Trouillot te ekri powèm ki anlè, « Paj ekriti, » nan lane 1992. Ladan, li montre relasyon li avèk powèm li, avèk lekriti li. Avèk fraz sa a, « w ap jwe nan rèv mo yo, » li montre jan powèt yo ka manipile lang y ap travay ladan an nan anpil fason diferan pou montre sa yo vle di. Kidonk, yo ka fè sa nan nenpòt ki lang : se powèt la ki pou deside ki lang li vle itilize. Verite sa a evidan nan pwezi ayisyen an paske ou jwenn yon sitiyasyon lengwistik ki konplèks. Ayiti gen 2 lang ofisyèl, kreyòl ak franseⁱ; anplis, gen anpil ayisyen ki rete nan Etazini ki ka ekri nan angle tou ; menm jan an tou ak ayisyen ki rete nen Dominikani ki pale panyòl. Men nou wè souvan, Ayisyen ki deyò (ki nan dyaspora) kontinye chwazi ekri an kreyòl. Kon sa, yo patisipe nan kreyasyon pwezi ayisyen an tou. Yon bon egzanp se Jan Mapou, yon manm enpòtan nan Sosyete Koukouyⁱⁱ, ki te bezwenn kite Ayiti lè yo te arete li sou peryòd rejim Duvalier a (Boadiba, Hirschman, and Laraque 2001).

Pou konprann sitiyasyon pwezi ayisyen nan ekspresyon kreyòl, nou dwe konprann sitiyasyon lang an Ayiti. Soti nan 1975 rive nan 2000, gen yon gwo chanjman lengwistik ki fèt ann Ayiti. Nan lane 1979, pou premye fwa dirijan ayisyen yo pral rekonnèt kreyòl kòm lang ofisyèl. Refòm Bernard pèmèt timoun aprann kreyòl nan lekòl (Saint-Germain 1997). Nan lane 1987, lang kreyòl la vin

gen yon estati ofisyèl jan sa ekri nan atik 5 ki konstitisyon (1987) la: «Sèl lang ki simante tout Ayisyen nèt ansanm, se kreyòl la. Kreyòl ak franse se lang ofisyèl » (“Konstitisyon Repiblik Ayiti, 1987”, 6). Kon sa, nou ka konprann jan powèt ta vle ekri an kreyòl si se lang ki simante tout pèp la, men nou ka konprann tou pou ki sa avan tan sa a, pa te gen anpil powèt ki te ekri an kreyòl, paske leta ak lòt moun pa te rekonèt li. Anplis, powèt sa yo pa te aprann an kreyòl. Tankou nou wè anlè, se pa jouk nan lane 1979 ke gouvènman ayisyen an te pèmèt lekòl anseye an kreyòl. Donk majoritè powèt ki te ekri avan 2000 pa te santi efè refòm sa a nan edikasyon pa yo. Men, yo montre volonte ak pasyon yo gen pou chita lang lan nan literati ayisyen an nan ekri ladan. Yo gen anpil rezon pou yo chwazi ekri an kreyòl men yonn se pou fè pwomosyon lang lan: sèl lang ki simante tout Ayisyen nèt ansanm.

Itilizasyon kreyòl nan lekòl poze yon lòt kesyon. Si lekòl se nan kreyòl, se nesèsè pou gen yon kò literati ekri, pibliye, ak dispon sib an kreyòl. Se sa ki te koumanse fè literati ekri an kreyòl enterese mwen. Itilizasyon kreyòl nan lekòl se yon rèl pou yon gran kò literati an kreyòl. Anplis, nou wè jan powèt ak otè nan peryòd sa a koumanse kreye kò sa a.

Sepandan, se pa jiska mitan ventyèm syèk la powèt yo vreman koumanse ekri an kreyòl souvan. Avan sa a, te gen kèk powèm an kreyòl ayisyen men pa anpil. Nan *Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti*, Michel-Ange Hyppolite fè yon ti kout je sou listwa pwezi kreyòl ayisyen, soti nan oralti rive lekriti, epi pou ateri nan revolisyon rive jodi a.

Nan *Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti*, Michel-Ange Hyppolite pale sou tout peryòd pwezi kreyòl yo an Ayiti. Li divize literati ayisyen nan de seksyon, yon literati oral (« oraliti ») ak yon literati lekriti. Literati oral, oswa oraliti, te koumanse pandan tan esklavaj lan epi l kontinye jodi a. Literati oral ka pran anpil fòm diferan. Fòm sa yo enkli lapriyè, ginen, kont, chante, ak pwovèb. Nou kontinye wè yo jodi a.

Literati lekriti te vreman komanse nan 1749 avèk yon peryòd Hyppolite rele peryòd espesyal. Premye powèm nou wè ki te ekri an kreyòl se « Lisette quitté la plaine » an 1757. Kèk lòt powèm te enpòtan pandan peryòd sa a tankou « Evahim ak Aza », yon powèm Descouritz te transkri an 1811. Nou wè pandan peryòd sa a tou kèk powezi nou kwè kite revolisyon an nan yon tradisyon oral tankou « Serment du Bois Caïman, » yon powèm Dumesle te transkri nan 1824. Yon lòt powèm enpòtan nan peryòd sa a se « Choucoun ». Oswald Durand te ekri ak pibliye li nan 1896. Christophe Charles di powèm sa a se premye vre powèm ki te vreman ayisyen (Charles 2000a). Li di sa a paske pou li, se premye mòso literati an kreyòl ke nou konnen otè a. An nou di sa a, Christophe Charles inyore lide fòm pwezi nan literati oraliti epi l inyore lide chante ka pwezi. Anplis, li inyore lide ke powèm pa te dwe gen yon powèt pou li se yon powèm. Gen kèk powèm pibliye an kreyòl ki te swivi « Choucoun », tankou « Reproche de ti Yvette, » yon powèm Massilon Coicou te ekri nan 1901, ak « Souvenir d'Haïti » (oubyen « Haïti Cherie »), yon powèm Othello Bayard te ekri nan 1920.

Nan 1950, zafè pwezi te koumanse chanje. Félix Morisseau-Leroy, yon moun yo konsidere kòm papa pwezi kreyòl ayisyen (Hyppolite 2000) te pibliye nan lane 1951 yon rekèy pwezi ki rele *Dyakout I*. Rekèy sa te koumanse yon nouvo mouvman nan pwezi kreyòl la. Pwezi kreyòl te antre nan yon peryòd otonomi. Pandan peryòd sa a, powèt yo te chache tèm ak fòm inovatè pou twouve pwòp pwezi yo. Se pandan peryòd sa nou wè komansman sosyete koukouy ak mouvman kreyòl. Epitou anpil lòt powèt te wè entere ekri an kreyòl pandan peryòd sa a, powèt kòm Paul Laraque, Franck Fouché, Émile Roumer, Claude Innocent, Émile Célestin Mégie, Georges Castera, Rudolph Muller, Pierre-Richard Narcisse, Pyè Banbou, Jan Mapou, Raymond Moyse, Dominique Batrville, ak Pauris Jean-Baptiste.

Après peryòd otonomi a, peryòd rèkⁱⁱⁱ la te rive. Li te komanse nan 1980 epi l kontinye jodi a. Pandan peryòd sa a, itilizasyon kreyòl nan pwezi ayisyen te deja etabli, donk li te kontinye ogmante. Pandan peryòd sa a nou wè antre anpil nouvo powèt epi powèt ki te ekri pandan peryòd otonomi te kontinye ekri tou. Men, nou wè antre kèk powèt enpòtan kòm Clotaire Saint-Natus ak Kiki Wainwright (Hyppolite 2000).

An n reflechi sou pwezi kreyòl, patikilyèman nan pwezi oralite kreyòl, moun reflechi souvan sou pwezi endepandans ak pwezi ki te vini apre endepandans. Après 1749, nou twouve kèk literati kreyòl ki te ekri ak pibliye, men pa anpil jiska 1950. Se paske pa te gen anpil moun ki te konn li ak ekri ; anplis, moun ki te konn li ak ekri te konn li ak ekri an franse. Pandan anpil tan,

gouvènman ayisyen yo pa te renkonèt kreyòl kòm yon lang ofisyèl. Se nan 1979 lè yon estanda otògrafi kreyòl ofisyèl te vin etabli ; estanda sa a te yonn ki te diferan pase lòt ki te itilize òtograf franse, estanda sa a te yon òtograf fonetik. Anplis, se nan 1987 kreyòl te vin yon lang ofisyèl. Donk, se fasil pou wè difikilte te genyen nan ekri an kreyòl.

Sepandan, pandan tout peryòd sa a, anpil moun te toujou batay pou plas kreyòl la nan literati ann Ayiti. Soti nan *Dyakout I* nan 1951 ak Feliz Morisseau-Leroy, epi *Dezafi* nan lane 1975 ki se premye woman kreyòl ayisyen ki te ekri anba plim Franketyèn. Apre sa, ou jwenn yon pakèt zèv an kreyòl ayisyen. Kòmanse nan 1950, otè ak powèt te koumanse chwazi ant ekri an kreyòl oswa an franse. Anpil nan yo konn ekri nan tou de. Donk, yon moun ta ka mande pou ki sa yo ta chwazi yon lang oswa yon lòt. Pou anpil tan, otè ayisyen te konn ekri an franse, men lang manman yo se kreyòl. Nan kèk sans, pwezi se tankou yon fenèt pou lespri , donk li fè sans pou ekri nan lang manman. An yon entèvyou, Jan Mapou eksplike nan ekri an kreyòl, «There’s a reason for this - I’m usually addressing an audience whose first language is Creole. My family, my friends, my compatriots - they are Creole speakers. They are the ones I want to touch » (“Creole NOT Allowed Here: An Interview with Jan Mapou, Haitian-Creole Advocate”). Nan ekri li ak lòt powèt, yo ekri nan lang manman yo paske yo vle konèkte avèk yon odyans ayisyen ki pale kreyòl.

Nan tèt sa a, m pral eseye analize pwezi nan sans kontèks lengwistik ayisyen an. M pral analize pwezi ki te ekri an kreyòl pou gade pou ki rezon

anpil powèt te chwazi ekri an kreyòl. Pou travay sa a, m te deside analize kèk powèt gason ak kèk powèt fi nan pwezi yo. Sa nou te remake nan kolèkte pwezi yo, ou te wè gen mwens fi ki ekri an kreyòl pase gason. Se pa yon sipriz paske an jeneral te gen mwens fi ki te ekri pwezi pase gason an Ayiti pandan peryòd sa a. Menm si pa te gen anpil powèt fi, kòm fi, yo ka adrese sitiyasyon fanm nan powèm pa yo. Nan fen chwazi powèt yo, m te twouve senk fi ki te ekri an kreyòl pandan peryòd sa a.

Pou mwen te chwazi powèt ak pwezi yo, m te pran sis antoloji pwezi ayisyen. Antoloji m itilize se *Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti; Anthologie de la littérature haïtienne; Open Gate : An Anthology of Haitian Creole Poetry; 135 poètes créoles d'Haïti de 1750 à 2011; Pawòl Kreyòl : Literati Kreyòl an Ayiti 1750-2000; ak Pawòl ki Ekri an Kreyòl Ayisyen*. M te pran tout powèt nan antoloji yo epi m te wè nan konbyen antoloji yo chak te parèt. Avèk powèt ki parèt nan antoloji yo, m te chwazi powèt ki parèt nan plis pase 4 antoloji. Aprè m te limite powèt ak metòd sa a, m te kontinye limite powèt yo ak konbyen diferan powèm yo gen nan tout antoloji yo. Nan de tablo (Apendis 1), nou ka wè ki jan m te fè desizyon mwen. Nan premye tablo a, m montre konbyen fwa chak powèt yo parèt nan chak antoloji yo. Dezyèm tablo a montre powèt yo ki parèt nan anpil diferan antoloji yo ak konbyen inik powèm yo gen nan antoloji yo.

Aprè m te fin fè travay sa a, m te deside pou analize 8 gason ak 5 fi. Powèt m te chwazi pou analize yo se : Rudolph Muller, Lyonel Trouillot, Felix Morisseau-Leroy, Georges Castera, Pauris Jean-Baptiste, Pierre Richard Narcisse,

Jean-Claude Martineau, Michel-Ange Hyppolite, Evelyne Trouillot, Suze Baron, Boadiba, Deita, ak Jacqueline Scott. Avèk tout powèt yo, m pral analize yo dapre tèm diferan pou wè ki jan yo itilize lang lan nan chak tèm pou eksprime sa yo vle di. Tèm m te twouve souvan lakay yo se lanmou, lamizè, pwoblèm sosyete, lespwa, reliyon ak lide politik.

Lanmou se yon tèm ki toujou parèt nan tout pwezi kèlkilanswa lang lan. Souvan, se difisil pou fè lòt moun vreman konprann lanmou yonn gen pou lòt, donk depi lontan, moun ta ekri pwezi pou montre lanmou a. Powèt ayisyen ekri powèm lanmou tou, epi nou wè sa a nan yon powèm Lyonel Trouillot, « Mwen reve-w kò touni. » Nan powèm sa a, Trouillot dekri santiman li vers lanmou li avèk anpil detay. Dezyèmman, powèt ayisyen yo itilize pwezi pou montre gwo pwoblèm sosyete. Kèk fwa, se yon rèl pou aksyon, lòt fwa se yon fason pou sansibilize konpatiyòt yo. Nou wè toulede nan powèm Castera. Nan powèm li, « Ni jodi, ni ayè, » Castera montre tout pwoblèm li wè nan peyi a. Anplis li mande, kote solisyon an ye ? Pwoblèm sa yo toujou manm an Ayiti. Powèt la mande konpatiyòt li yo pou travay ansanm pou chanje sa. Nan powèm li, « San, » li chita sou soufrans k ap ravaje Ayiti, men li pa rele pou yon chanjman. Li rekonèt li la ak li fè yon kontra san koule avèk « solèy ki pral kouche » pou montre jan bagay ta ka.

Nan pwezi toujou, yon otè kapab toujou pale sou pwoblèm sosyal k ap ravaje peyi l. Nan sans sa, yon egzanp nou ka pran se yon powèm Jean-Claude Martineau te ekri, « Awona. » Ladan, Jean-Claude Martineau dekri lavi awona ak

ki sa lòt moun kwè awona dwe fè pase yo travay nan kafe. Poutan, nan powèm sa a, Martineau montre ki jan sosyete a te fòse fi yo nan move lavi sa ki dapre anpil moun ki pa konprann yo panse se yon pwofesyon medam yo chwazi. Malgre tout pwoblèm sosyete powèt yo montre, yo souvan eksprime lanmou ak aspirasyon pa yo pou Ayiti nan pwezi yo. Ankò, Jean-Claude Martineau fè sa nan powèm li, « Ayiti Demen. » Ladan, Martineau eksprime dezi li pou wè yon Ayiti ki lib lè li di « va bèl. » Powèm nan, ki se yon powèm ki ankouraje moun pou kontinye batay pou lalibète, te vin yon chante. Yo te itilize chante sa a pou transfere enfòmasyon pandan peryòd diktati pou destabilize diktati (Averill 2008).

An gwo, pou byen analize tout peryòd pwezi sa a, m pral koumanse avèk plis istwa sou pwèzi kreyòl ann Ayiti ki vini avan 1950. Pou konprann pwezi apre 1950, nou dwe konprann sa ki te vini avan 1950. Anplis, apre nou fin konprann listwa a, nou dwe konprann listwa peryòd sa a. Listwa peryòd sa a enfliyans powèt ak sa powèt ekri. Apre tout konsiderasyon sa yo, m divize tèt sa nan senk sèksyon kote chak seksyon sa yo reprezante yon imaj diferan m twouve nan pwezi yo. Se imaj bèt, kò, latè, lari ak lavil, epi mo yo. Nan powèm yo, imaj yo manifeste nan anpil fason diferan, men se imaj sa yo nou wè souvan nan pwezi a, epi se pou sa, m pral analize yo espesifikman. Anvan tou, m note yon diferans sou otografi ou jwenn nan chak peryòd powetik yo. Chak antoloji te abòde kesyon otografi a nan yon fason diferan. Paske yo pa te etabli yon otografi ofisyèl jiska 1979, kèk powezi te ekri nan otografi ki diferan. Anplis, Sosyete

Koukouy pwopoze pwòp òtograf pa li. Donk, kèk antoloji kenbe òtograf powèt la te itilize pou ekri powèm li, lòt itilize òtograf ofisyèl la, epi lòt itilize òtograf Sosyete Koukouy la (m pral mete yon tablo anba pou moun ka konprann diferans ant òtograf ofisyèl ak òtograf Sosyete koukouy la). Pou tèt sa a, m pral kenbe òtograf m jwenn nan chak antoloji yo. Sa vle di, depandan de antoloji kote m te twouve powèm nan, se òtografi pa li m pral itilize. Anfen, nan tout analiz sa a, nou pral wè jeni powèt yo nan itilize kreyòl epi ki jan nan itilize lang pa yo, yo rive esprime santiman ki pwofonde anpil sou diferan tèm ki marande ak lavi peyi yo pase jan yo abitye fè sa an franse.

| òtografi | ofisyèl | Sosyete koukouy |
|-----------------------|---------|-----------------|
| « oun » oswa « ounn » | moun | Mounn |
| Kontraksyon avan | W ap | W'ap |
| Kontraksyon apre | Pa m | Pa-m |

Istwa pwèzi kreyòl ayisyen avan 1950

Tankou m te di avan, pa te gen anpil pwezi ki te pibliye an kreyòl avan 1950. Nou wè premye pwezi ki te pibliye an kreyòl ayisyen nan 1804 nan Nouyòk ; *Idylles et chansons, essais de poésie créole*^{iv}. Gen anpil diskisyon sou kote powèm ki parèt nan liv sa te vini. Nan liv li, Jenson entwodi diskisyon an epi poze yon lide opoze. Ladan, Jenson diskite lide ke powèm sa yo te yon imitasyon kolonyal. Moun pa te kwè pandan peryòd kolonizasyon an moun ta ka pibliye sa ki reprezante pèp ki pa te blan (Jenson 2011). Pa ezganp, nan *Lisette quitté la plaine*, Jenson montre jan powèm sa a te yon chanson popilè antre moun kreyòl Ayiti ki pa te kapab yon imitasyon kolonyal. Diskisyon sa a enpòtan pou gade peryòd kèk moun rele imitasyon (preyòd pwezi ayisyen an nan lang kreyòl la avan 1950. Avan m te fè referans pou peryòd sa a kòm espesyal). Jenson ekri, « early Creole poetry is haunted by a self-reflexive intertextuality (poems imitating poems) about intervocality – people being threatened or seduced by the language of others » (2011, 267) An nou gade peryòd pwezi sa a ki nan lang kreyòl la, gen anpil similarite ant pwezi yo. Se pou sa moun rele l preyòd imitasyon, men dapre Jenson, se pa imitasyon etranje ; anplis, an itilize imitasyon sa a, powèt yo eksprime menas ak tirans etranje.

Menm si pa te gen anpil pwezi nan ekspresyon kreyòl pibliye avan 1950, nou pa ka meprize pwezi ki te ekri ak pibliye an franse. Peryòd pwezi ki te ekri an franse vanse sou peryòd otonomi nan pwezi kreyòl. Nan *panorama de la poésie Haitienne*, Lubin divize pwezi yo nan kat peryòd : preyòd patriyòt, preyòd

womantik, peryòd okipasyon, ak peryòd revelisyonè. Se pandan peryòd okipasyon moun te komanse kreye lotonomi nan literati ayisyen. Finalman, pandan peryòd revelisyonè, Lubin eksplike jan pou powèt yo, « l'art est action. Il s'intègre dans la vie » (1970, 12). De peryòd sa yo ta kreye wout pou powèt ki ta ekri an kreyòl apre 1950. Anplis, yo te enfliyans powèm nan peryòd yo ki te vini apre 1950.

Listwa peryòd sa a : 1975-2000

Pou konprann kontèks powèm sa yo, nou dwe konprann listwa peryòd sa a. An 1975, Jean-Claude Duvalier, pitit gason François Duvalier, te deja sou pouvwa pou kat lane. Jean-Claude Duvalier suiv chimen papa li nan politik li nan sans kote libète lapawòl te pase anba pye. Kon sa anpil moun pa te ka ekspri sa yo panse, e sa te vin gwosi lo ekriven yo ki te blije pran egzil depi sou tan papa li. Anpil nan ekriven sa yo te ale ann Afrik, Etazini, Kanada, ak Lafrans. Kèk egzanzp powèt nou wè nan tèz sa a ki te kite Ayiti pandan peryòd sa a se Lyonel Trouillot, Felix Morisseau-Leroy, Jean-Claude Martineau ak Castera ki te ale nan Etazini, Pauris Jean-Baptiste ki te ale nan Frans, ak Jacqueline Scott ki te ale nan Senegal (enfòmasyon sa yo vini kèk sit entènèt ki bay detay sou lavi powèt sa yo) ("Littérature d'Haïti", "Bèl Antre", "Lyonel Trouillot « Global France », "Potomitan : Annou Voyé Kréyol Douvan Douvan"). Pandan yo te nan egzil, yo te kontinye ekri kont diktati a. Yonn nan powèm ki make peryòd sa a se Ayiti, « Lè l a libere », Jean Claude Martineau te ekri. Nou te wè powèm sa a nan entwodiksyon an. Nan dat 7 fevriye 1986, Jean-Claude Duvalier blije kite pouvwa a apre plis pase twa mwa pèp ayisyen an te òganize yon leve kanpe kont rejim ni an. Men, apre ale Jean Claude Duvalier, Ayiti pral konnen anpil enstabilite politik tou paske se pa sistèm nan ki te kraze vreman, men se de twa moun ki te ale, epi lòt moun ki t ap sipòte sistèm nan pran plas yo. Se kon sa, Ayiti pral konnen yon pakèt gouvènman militè yonn apre lòt ak kou deta kote

dwa moun ak libète lapawòl te toujou pase anba pye. Men, pèp la ansanm ak yon ekip moun ki t ap goumen depi sou tan diktati a pou dwa moun te respekte pa te janm bese lebra. E se konsa nan lane 1990 Ayiti ta pral genyen yon eleksyon jis. E se nan eleksyon sa a, Aristide, yon ansyen prèt ki te toujou gen yon prèch kont sistèm dikati a melanje ak rejim militè yo, te vin prezidan. Li te konsidere kòm yon moun pou pèp ayisyen, yon moun ki te gen enterè Ayiti nan kè li. Men nan dat 30 sèptanm 1991, lame ak lelit te ranvèse Aristide. Kon sa, lame te kenbe pouvwa a pou 3 lane. Avèk lamè sou pouvwa a, patizan Aristid yo te sibi anpil represyon e anpil nan yo te nan kache tou. Anpil ayisyen te kite Ayiti pou twouve refij lòt kote espesyalman nan Etazini sou ti bato. Akòz tout mas moun sa yo ki tap eseye antre Etazini, epi mete sou sitiysasyon dwa moun ki t ap deteryore, Prezidan Bill Clinton te deside rezoud pwoblèm Ayiti a nan fason li konprann li. Kon sa, Prezidan Clinton te voye twoup pou retounen Aristide sou pouvwa ankò. Apre tan sa a, soti nan lane 1994 rive 2000, nou kapab di gen yon ti estabilite sou plan politik la kote nou ka wè libète lapawòl fè yon gwo pa, e batay ki gen lakay tout moun k ap goumen sou plan politik pou yo pa pèdi li depi yo te fin ranvèse rejim Duvalier a.

Itilizasyon kèk bèt kòm imaj nan pwezi yo

Itilizasyon bèt kòm imaj nan pwezi pèmèt powèt yo kreye imaj ak son anpil moun ka rekonèt epi ki gen siyifikasyon nan kilti ayisyen an. Son ki parèt souvan se jape oubyen bwi ti zwazo. Lyonel Trouillot itilize jape pou dekri son machin nan wout pou ale nan Petyonvil nan yon powèm li ki rele, « Kannari kraze. » Jean-Baptiste itilize son zwazo ki chante pou selebre fèt manman li nan powèm, « Tololo min fet ou. » Anplis, powèt yo itilize zannimo kòm yon konparezon. Castera fè sa nan « Zye 1 » kote li konpare je lanmou li avèk yon papiyon. Zannimo powèt itilize plis souvan se chwal. Yo itilize zannimo sa a pou anpil rezon diferan. Nan « Vyewo, » yon powèm Martineau te ekri, nou wè chwal itilize kòm yon eksitasyon pou montre jan pitit gason an te grandi san rete. Chwal parèt nan powèm sou vodou tou. Nan Ayiti, « monte chwal » se yon fraz pou endike lè yon lwa pran posesyon kò yon moun ki sèvi. Nou wè lide sa a nan powèm Felix Morriseau-Leroy, « Gan defwa m'pa menmenm. » Pi devan, m pral eksplore de imaj enpòtan nan powèm yo : toutrèl ak zwazo pou montre libète epi chwal pou montre tirani.

Toutrèl ak zwazo kòm libète

Nou wè egzanp toutrèl ak zwazo kòm imaj libète nan de powèm ki diferan anpil. Nan « Nou pase kay etranje, » yon powèm Boadiba te ekri, li itilize toutrèl pou kreye yon imaj libète nan sens libète apati etranje. Nan powèm sa a, Boadiba kreye yon imaj opresyon. Nan powèm la, pawòlè antre nan yon kay etranje. La, li wè, « pitit nou ap bale papòt, » « tablo nou kwoke sou mi, » ak

« mizik nou ap sot nan gagann yo. » Isit, etranje te esplwate pèp la. Yo te pran timoun yo, tablo yo, mizik yo. Finalman, pawòlè di :

N'antre nan kizin entranje
Nou jwenn toutrèl nou
ap kuit nan chodyè yo

Yo ta chode toutrèl lavi-n
Yo ta toufe zwezo bèlte-n

Isit se limaj opresyon nèt ale. Etranje eseye touye toutrèl lè li toujou vivan. Etranje a « toufe » li. Se yon reprezantasyon pou montre pèp ayisyen ki anba opresyon entranje. Men, pawòlè pentire yon imaj :

Men gen moun ki pase
Chodyè-a dekouvri
Toutrèl vole l'ale
sou dife-a l'kite
on chodyè vid k'ap boule

Nan yon moman, yon moun te bay yon chans pou toutrèl sove. Nan louvri tèt chodyè a, toutrèl la pran chans li pou pati. Avèk abilite pou vole, toutrèl ka chape. San zèl, li pat ka fè sa. Se avèk yo, toutrèl vole. An nou kite chodyè a, li vin lib. Nan vin lib, li kite etranje avèk « on chodyè vid k'ap boule. » Etranje pèdi objè opresyon yo epi yo tout gen yon brili.

Yon lòt powèm ki itilize zèl zwazo se « Renn chantrèl kout ou ? » yon powèm Narcisse te ekri. Ladan, tout moun mande kote renn chantrèl ye. Nan powèm nan, lavil nan tristès. Tenèb kouvri li. Narcisse ekri, « lanwit pa janm ale » epi pi ta, « nan granchemen san lanp. » Nan tenèb sa a, pawòlè kriye pou renn chantrèl. Nan rèl li, li di :

si van vini l'a karese-w
 si jou vini l'a kouwonnen-w
 zwazo solèy a ba ou zèl
 vin ede nou chante

Li endike si renn chantrèl vini, tout pral vin byen. Jou pral vini, tenèb pral pati. An nou itilize zwazo solèy ki bat zèl pou li, Narcisse pentire yon imaj kote zèl ki renn chantrèl resevwa solèy pral libere yo. Zwazo solèy pral pote libète. Se yon limaj liberasyon.

Chwal anba pwa tiran

Tankou powèt te itilize zwazo kòm yon senbòl liberasyon, yo itilize chwal kòm yon senbòl pou moun anba opresyon. Lide sa a parèt nan de powèm an patikilye, nan « Y'ap kite brid sou kou » ak « Tonton Sanm se move kavalye, » de powèm Deita te ekri. De powèm Deita te ekri adrese lide etranje kòm tiran. Nan « Tonton Sanm se move kavalye, » powèt yo bay imaj kote tiran chita nan chwal tandiske nan « Y'ap kite brid sou kou » Deita itilize imaj chwal kòm tire nan opresyon.

Deita koumanse powèm la avèk yon imaj etranje ki vini avèk pwomès lamitye, pwomès ed. Nan powèm la, pawòlè di lè etranje te antre « yo di « se gwo gift nou pote. » Isit Deita itilize mo angle pou di « gift » ki endike entraje se Ameriken. Ameriken yo pote « gift » nan yon « panyen. » Men sa ki te soti panyen an se :

LENJISTIS pran pouse
 GRANGOUE leve kanpe
 PIYAY òganize
 DEBWAZMAN mete pye
 LIBÈTE te bwaze
 KAKO t'ap choukete

Se pa kado Ameriken pote, men lamizè. Isit Deita pèsounifiye tout malè ki te ateri sou peyi a akòz de Ameriken yo. Avèk pèsounifikasyon sa a, sa endike ke lenjistis, grangou, piyay, debwazman pral kontinye fè malè tout kote nan Ayiti san yon moun ki komande yo. Sa vle di, lè Ameriken yo te lage an Ayiti, yo pa te kontwole yo ankò. An menm tan, nan pèsounifikasyon libète pou di l « te bwaze ; » sa vle di, yo pèdi libète yo. Menm Kako v pa te batay.

Deita ap kontinye avèk pale sou yon jou :

Ak neflè ne panyen
machwè yo ki va gonfle
se bouch yo ki va pe
paske youn maten
san bri san kont
pèsnn pa p'di anyen

y'ap sispann chache kont
y'ap kite brid sou kou
e m'a di kou pou kou

Isit li pale sou jan Ameriken yo pral kite yo. Li di « y'ap kite brid sou kou/ e m'a di kou pou kou. » Fraz sa a endike lamizè ameriken te pote te tankou yon brid nan yon chwal. Kou pou kou, brid ameriken te mete nan kou ayisyen, kounye a pral nan kou ameriken. Nan imaj sa a, nou wè ki jan chwal te itilize kòm yon senbòl yon peyi ki anba opresyon.

Nan yon lòt powèm Deita, « Tonton Sanm se move kavalye, » chwal la se zannimo ki pote tiran an. Ladan, li pale sou Tonton Sanm kòm yon « kavalye » ki ravaje peyi amerik. Li di :

Li achte chwal ètyò
Pou galope nan Amerik Latin
Nan Amerik Santral
Nan Karayib sitou

Lide sa a fè moun sonje nan yon listwa Etazini kote Etazini te pran yon pozisyon enperyalistik. Se pandan peryòd sa a nan listwa Etazini lè Etazini te okipe Ayiti. Gen yon tradisyon komik politik ki depentire menm imaj avèk premye kouple isit :



Lè Etazini te ranfòse pouvwa diktati yo nan peyi amerik santral, yo te di yo te fè sa pou benefis peyi yo. Men komik politik sa yo montre ki jan se pa verite epi Deita montre menm lide nan powèm li. Tonton Sanm, ki se yon metonimi pou Etazini, vini kòm yon « kavalye » pou pwotejè pèp la, men alye pwotejè yo, li domaje yo, li se « move kavelye. » Paske li se yon kavalye, Tonton Sanm bezwenn yon chwal, men li chwazi yon chwal « etyò, » yon ki te « twò gra. »

Donk, pou nouri chwal la, li dwe meprize peyi li dwe pwoteje. Sa evidan nan fraz :

ou chita sou chwal gwo pans
k'ap manje chan kann abitan
k'ap manje jaden mayi
k'ap manje chan bannanm abitan
k'ap kraze ajoupa malere
k'ap pilonnen vye kè patriyòt
k'ap ravaje santiman
k'ap simaye chagren ak lanmò

Isit, Deita koumanse avèk montre jan chwal la manje tout manje pèp la. Avèk chak repetisyon an, sa chwal fè vin pi grav jiska li « simaye chagren ak lanmò. » Chwal la ase gwo pou li touye moun. Alye pwotèje pèp la, Tonton Sanm se kòz lanmò. Anplis, se nan powèm sa a, Deita eseye esplike pou Tonton Sanm ki jan li se yon move kavalye epi ki jan li pa yon bon kavalye. Nan kouple final, li pale direktaman avèk li :

Tonton Sanm
Ala
Ou move makiyon
Tonton Sanm
ou se youn move kavalye
monchè

Li vle fè Tonton Sanm konnen ki jan li se yon move kavalye pou li reyalize sa li fè pa toujou bon pou moun li vle ede. Avèk imaj chwal, Deita pentire yon imaj isit kòm yonn ki ravaje, ki detwi, ki pran pouvwa, men abize pouvwa sa a, yon tiran. Nan de powèm sa yo, Deita itilize imaj chwal pou montre opresyon Etazini.

Itilizasyon kèk pati kò kòm imaj nan pwezi yo

Nan powèm kote ou jwenn itilizasyon kò kòm yon imaj se yon teknik komen, patikilyèman nan powèm ki eksprime lanmou. Nan yon powèm Trouillot, « Mwen reve-w kò touni », pawòlè a itilize pati kò diferan pou montre dezire li pou fanm li. Nan « Zye I », yon powèm Castera, li jennen powèm li nan je lanmou li pou dekri jan fanm kaptive pawòlè a. Jean-Baptiste konn itilize teknik sa anpil nan powèm lanmou li. Sepandan, powèt itilize imaj kò pou lòt rezon tou. Nan powèm ki dekri yon pozasyon lwa, yo dekri sa a avèk imaj kò epi jan nou pral wè pi ta, powèt itilize imaj san pou dekri soufrans. Anplis, nan powèm yo, nou wè powèt yo montre fason ayisyen itilize pou dekri santiman yo. An gwo, yon fason yon itilize nan kò yo, espesyalman kò yo pou eksprime santiman an. Se avèk pati kò sa yo, pati powèt itilize pou montre anpil tèm diferan, powèt itilize yon imaj tout moun konprann.

Kè kòm ekspresyon santiman

Anpil sosyete fè referans ak kè kòm sous santiman. An Ayiti, se komen pou eksprese kontantman an di, « kè kontan. » Martineau itilize fraz sa a nan powèm li, « Awona. » Nan powèm sa a, li pale sou sa tankou tit la endike li ; Awona ak lavi yo. Li pale sou sitiyasyon yo ak pou ki sa yo nan sitiyasyon sa a, epi li kritike sosyete a ki mete yo nan sitiyasyon an. Nan fen premye koupè a, pawòlè a adrese sosyete a lè li di, « n'a wè ke bèl griyen dan/ pa vle di kè kontan. » Isit, Martineau konekte de pati kò an rim. Se yon pati nou ka wè ak yonn nou pa ka wè. Avèk konèksyon sa a, Martineau montre jan moun pa ka jije

sa yo wè san konprann sa ki anba anlè. Nou ka wè jan fanm ri kon sa, men nou pa konnen doulè yo. Medam yo kenbe tout sa a an sekre. Martineau pral agrandi prensip sa a pa tout kò powèm la. An fen, li di lide sa a direktman pou sosyete a lè li di :

pa prese kritike pa prese kondane
sonje dabò ke se lasosyete
ki lage aladriv san metye san manje

Menm jan nou pa konnen doulè yo ki kache anba ri yo, rezon pou yo dwe travay kon sa se kache nan kontèks sosyete a – yon sosyete ki te bliye ak abandone yo.

Evelyne Trouillot pran lide kè kòm ekspresyon santiman epi li agrandi li. Nan powèm li, « Nan fon kè'm, » li montre santiman li avèk son nan kè li. Chak koupè, Evelyne Trouillot pale sou yon santiman diferan. Nan premye koupè, li etabli yon imaj ke l itilize pou tout pozèm la. Se imaj klòch :

Nan fon kè'm
Lavi a chante ding deng dong
Tankou yon klòch
k'ap envite m nan fèt

Klòch la woule
Bo w bo w bo w
Li frape tout kote
kou loraj k'ap gronde
Lè mwen fache

Nan fason li ekspriye kòlè li, li kontinye itilize imaj klòch la epi li itilize yon onomatope ak yon lòt imaj pou ekspriye jan kè li santi li lè li fache. Nan son « bo w bo w bo w » ansanm avèk jan « li frape tout kote kou loraj » fè kè odyans bat pi fò. Yo konprann santiman fache li avèk deskripsyon kè li.

Nan denyè koupè a, Trouillot dekri kè li lè li vin lapè. Li di :

Epi gen de lè
klòch la balanse nan fon kè m
Si tèlman douse si tèlman bèl
kè m poze kou yon lakansyèl

Pou yon ti tan, klòch la sispann, li « balanse » tankou nan nenpòt ki moman, li ka pedi balans li. Se kon sa sa a emosyon li santi ye, epi Trouillot pentire sa a ak bon jan imaj. Nan tout powèm nan, Trouillot pentire yon imaj emosyon ak santiman avèk yon imaj kè ki kapab ede moun konprann emosyon ki travèse limanite.

San kòm imaj tirani ak lanmò

Kè a ponpe san an, men powèt yo itilize imaj san nan yon fason diferan anpil. Baron ak Castera itilize san pou ekspoze laterè ak ekspòtasyon an Ayiti.

Baron koumanse « Yo di » :

Yo di
San kretyen
Enrichi
latè

Kouple sa a pentire yon imaj agrikilti kote avèk lanmò ak soufrans, latè pral fleri.

Rit powèm sa a se vit ak kadanse anpil. Men imaj san isit se pa yon imaj konplè.

Se avèk tout powèm nan nou ka wè imaj grav sa a.

Si sete vre
Si sete vre
Mezanmi

Ala diri
Pitimi
ak mayi

ki ta genyen
lan peyi
DAYiti

Nan tout powèm sa a, Baron kontinye itilize lin kout pou aksantye chak mo, men se pa jiska lin final li, nou ka wè atak li fè. Nan kesyon sou verite koupè premye a, Baron ekspoze soufrans an Ayiti san di sa espesifikman. Castera fè menm teknik nan powèm li, « San. » Nan powèm sa a, li endike soufrans avèk fraz « pou yon fwa. »

pou yon fwa nan lavi,
se pa san moun k'ap koule,
pou yon fwa nan lari
se pa san bèt k'ap koule

An nou di « pou yon fwa nan lavi, » pawòlè a endike ke souvan lòt pase, donk souvan « san moun k'ap koule » epi souvan « san bèt k'ap koule. » San di l dirèkteman, Castera endike jan soufrans ravaje peyi li. Li ak Baron itilize san pou endike fason yon deklarasyon lanmou mache ak soufrans ki ka rive pi devan.

Itilizasyon nati kòm imaj nan pwezi yo

Powèt yo itilize nati nan anpil fason diferan. Gen kèk imaj ki parèt pi souvan nan pwezi a, se imaj lapli, pyebwa, lanmè, solèy, rivyè, zèb, flè, ak lalin. Powèt yo itilize imaj yo pou rezon diferan. Kèk tankou Castera nan powèm li, « Zye l, » itilize imaj yo pou dekri lamou. Lòt tankou Boadiba, nan « Madam la prezidant, » itilize nati pou dekri yon Ayiti li ta renmen wè. Kèk itilize nati tankou yon espas, lòt tankou yon senbòl. Sepandan, nan tout itilizasyon nati kòm imaj, powèt yo tire imaj ke moun ta konprann. Yon imaj enpòtan se lapli kòm lespwa ak solèy kòm opresyon.

Lapli kòm lespwa, Solèy kòm opresyon

Nan kèk powèm pandan tan an, nou wè itilizasyon lapli ak solèy kòm imaj. Souvan, lapli reprezante sa ki pote lespwa alòske solèy reprezante sa ki pote opresyon. Se nan « Mwe karèm » ak « Bel bagay, » nou ka wè lida sa yo. Se nan « Mwa karèm, » Jean-Baptiste identifiye solèy kòm lakòz lamizè. Powèm la koumanse avèk « sole a frape fò » epi tout ki swivi montre efè solèy :

kritchen vivan kagou
yon ti toutrèl cache anba fèy l'ap plenyen mizè li.
kanton an vini tris
plim pa gouye
chalè fòkòp tout manm
lavi ralanti kous
tout plant pran kabicha
anba pèz sole a

Pa tout lin sa yo, Jean-Baptiste dekri tristès ak mizè ki se efè solèy. Avèk solèy la chalè vini ; avèk chalè, lavi sispann. Menm « plim pa gouye. » Isit, Jean-Baptiste pesonnifye plim pou montre jan moun pa travay ditou lè solèy fò kon sa. Anplis,

nan itilize mo « fòkòp » ki se yon mo trè fò, Jean-Baptiste sijere jan fò efè solèy nan tout moun ak tout bagay.

Nan fen powèm sa a, Jean-Baptiste kreye yon kontra fò ki reetabli lide ke solèy se kòz mizè tou paske li mennen sechrès. Li montre jan lè yon nuaj vini pou kouvri solèy a, « espwa reboujonnen/ lavi rejenni tou. » Nan yon aksyon senp ki adrese lakòz lamizè, lespwa vini epi lavi tounen nòmal. Moun ka travay ankò. Nati twouve lespwa, lespwa pou lapli ki ka wouze yo menm.

Nan lòt powèm, « Bel bagay, » Jean-Baptiste rele lapli yon bel bagay. Powèm sa mache prèske menm jan avèk « Mwa Karèm, » li koumanse powèm avèk lamizè ki se efè solèy :

Senmen pase ankò,
 sole a t'ap fè lese frape
 Tout bagay te chèch nèt
 Anba solèy sechrès
 Figi te tris.
 Pyebwa te kagou
 Tout fèy te kò lage,
 Fennen mande pou mouri.
 Tout zèb vini rip bwa
 pasi pala, latè mete fann.
 Pousyè t'ap bat ochan,
 Dezolasyon te desèvis
 Ap mache simaye dezespwa.

Isit ankò, Jean-Baptiste kreye yon imaj fò sou efè Solèy la. Solèy tòtire latè, menm si tou latè koumanse mouri. Jean-Baptiste pentire yon imaj mò pou montre solèy la ka sous lamizè tou si yo pa sèvi ak li a. Powèm sa a se diferan avèk powèm nou wè avan nan lin ki se kòz lamizè. Nan powèm sa a, Jean-Baptiste trase yon lin ki koumanse avèk solèy ki debouche sou sechrès ki touye latè. Se pa yon lide

ki nouvo pou ayisyen. An reyalyte, se yon fè moun wè chak jou. Paske debwazman, nan Ayiti, koze te sèk se yon pwoblèm serye. Sechrès rann lavi plante a difisil anpil pou plantè ak travayè latè yo. Lide sa a byen chita nan anpil pati nan literati ayisyen an kelkilanswa lang powèt oswa romansye yo itilize. Nan *Gouverneurs de la Rosée*, liv Jacques Roumain te ekri, anviwònman Fon-wouj, yon vil, gen anpil mizè akòz sechrès. Pèsonnaj prinsipal la, Manyèl, nan *Gouverneurs de la Rosée* te mobilize tout moun nan zòn nan pou travay ansanm pou y al cheche dlo (yon rivyè) pou konbat sechrès ki te lakòz zòn sa a t ap deperi.

Nou wè menm reyalyte sa a tou nan, « Djouman, » yon powèm Martineau te ekri. Anpil powèm Martineau ekri rankonet yon istwa ki toujou fini ak yon leson moral. « Djouman » se yon powèm kon sa. Men, Martineau dekri travay abitan kòm :

Pou yo sekle, plante, nan tè pandye sa yo
ou pa bezwen mande kouman yo travay di,
tè yo deja pa bon e se nan gwo redi
pou yo fè you ti diri, ti pwa, ti tayo

Isit, deskripsyon sa a montre jan sechrès latè fè l difisil pou plante. Nan pasaj sa a, Martineau pa di kòz sechrès la, men li di, « tè yo deja pa bon, » li endike sechrès tè a. Ki fè, sa pran anpil efò pou yo prodwi yon ti manje.

Nan dezyèm pati « Bel bagay, » Jean-Baptiste dekri yon lòt fòm dlo pou batay kont sechrès la ; se lapli. Li dekri sa ki pase lè lapli rive :

Nan on yen tan, lapli deklare,
Espwa fleri sou jouk.

De twa jou pat ko menm pase
Latè gantan boukante figi
vini ble kon digo.
Zèb raje tonbe kale
tout vye fèy antre nan won
Fè malere fè sinakwa.
Koupyen zepina, kaya
Tout lòt legim poto ranfò bay.
Fon lavi a demare min
Souri make ankò nan figi li
Yon ri soulajman tou nèt
leve chalbari dèyè grangou
aa, bèl bagay sa se lapli.
Lapli apre lesèk depase bòn
janbe bòn vini pentan kritchen vivan !
Sa bon nèt se lapli,
lapli pou tè sèk ki t'ap tann lapli

Avèk lapli, tout bagay vin byen ankò. Jean-Baptiste deklare ke lapli se lespwa, se « bèl bagay », se sa tè sèk ap tann. Lè lapli vini, moun ka manje ankò, latè pral bay pwodui. Moun vin kontan yon lòt fwa ankò. Avèk lapli, se lespwa.

Itilizasyon espas kòm imaj nan pwezi yo

Espas nan yon powèm se yon zouti pwisan pou powèt yo. Yo kreye anviwònman avèk mo yo. Nan itilizasyon espas sa a, yo ka ekspriye anpil reyalyite y ap viv chak jou. An menm tan, nan itilize espas ki komèn, espas moun ta rekonèt, nou jwenn powèt yo fè komantè yo sou politik ak sosyete a, kèk fwa, yo ka fè sa yon fason degize.


Espas kòm yon deklarasyon politik

Nan yon powèm Suze Baron, « Tenèb, » Baron itilize lari a tankou yon espas pou fè yon deklarasyon politik. Nan premye koupè a li referans ak lari sa yo:

Si lan ri St. Honore
tape-a koumanse
ri Reyinyon reponn

Si yon moun pa konnen Port-au-Prince, yo pa ta konnen siyifikasyon lari sa yo.

Pou byen konprann powèm sa a, yon moun dwa gade kat Pòtoprens :



Nan kat sa a, lari St. Honore se bò sid palè nasyonèl ak palè ministè yo. Lari Reyinyon se pèpandikilè avèk lari St. Honore, epi sou li se Palè ministè, pa twò lwen palè nasyonèl. Nan sitiyasyon

sa a, li vin evidan ke powèm sa a se yon powèm politik. Anplis nou wè yon ekspresyon ki montre mekontantman pèp la, yon ekspresyon komen an Ayiti, *Bat tenèb*.

Tit la, « Tenèb, » fè referans pou lide sa a. Anplis nou wè nan powèm li menm :

toupatou
se kowkow
kowkow

Si nou ajoute lin sa yo avèk lin nan kòmansman, se yon imaj frapan, yon imaj bat tenèb. Avèk onamontope isit, nou ka tande bat tenèb nan lari a. Bat tenèb se yon ekspresyon makontantman kont gouvènman pèp konn itilize. Avèk li, yo bat mamit pou fè yon gran bri. Nan yon imil kote m te poze kèk kesyon pou Baron, Baron te di mwen li te ekri powèm sa a nan jwen 1987. Tan sa a swivi konstitisyon ki te etabli nan mas 1987. Anplis, te jis apre renvèsè Duvalier. Se pandan mwa sa a, makontantman te monte akòz pwoblèm politik epi se pandan mwa sa a, moun te refize pou travay pou batay kont gouvènman an. Moun te pè Namphy ta pran pouvwa pou li menm (ki li ta fè)(Organization of American states, 1988). Yo te vini nan lari pou batay kont sa a, yo te refize travay pou batay kont sa. Pèp la pa te vle yon lòt diktati, yo te vle eleksyon jis, men se sa gouvènman ta refize yo. Akòz sa a, tout moun antre lari pou pwoteste sa a. Nou wè se tout moun nan lin ki swiv :

Timounn granmounn
travayè lokatè
chofè faktè

komèsan chalatan
abitan dirijan
tout ap tape

Baron fè yon kontra antre gwoup diferan tankoue « timounn » kontra avèk
« granmounn ». Nan kontra sa a, Baron montre jan se tout moun ki tape. Anplis,

yo tape
sanrete
yo tape jous

Bondye
lan syèl la
tande

Finalman, yo pral kontinye tanpe jiska Bondye ta tandè. Malerèzman se pa jouk
yon lòt kat lane pèp la ta gen yon bon repons, apre anpil soufrisans ki ta vini. Lè
Baron te ekri sa a, li pa te konnon konbyen soufrisans ayisyen ta soufri, men lè yo
te nan lari, Baron te santi pèp la ta kontinye pwoteste jiska sitiwayon an ta
chanje. Powèm sa a montre mankontanman nan pèp la epi powèm sa a li menm
pale kont gouvènman Namphy ak tout gouvènman ki pa bay jistis ak eleksyon jis
pou moun yo.

Felix Morisseau-Leroy itilize yon diferan espas pou yon diferan tan pou
pale sou yon eleksyon. Se nan « Aba tout kandida » li fè sa. Li pran yon imaj
komen nan yon lavil ayisyen :

ekri sou tout mi lavil la
aba eleksyon fout
ekri ak lakrè sou tout mi gri
ekri ak chabon sou tout mi blanch

Souvan, nan lavil ayisyen, yon moun ka wè « aba » kèk kandida ak « viv » yon
lòt. Men, isit Morisseau-Leroy pran imaj komen nan lavil, epi li itilize pou

montre makontantman li pou tout politisyen. Men makontantman li gwo anpil. Li tèlman gwo li vle « ekri sou lanmè-a ekri sou mòn lan. » Li pa satisfè avèk ekri sou mi men li vle ekri sou yon espas pi gran. Avèk imaj espas sa yo, Morisseau-Leroy eksplike santiman li ki konsène ak sa k ap pase nan politik. Men se jis nan fen powèm ke Morisseau-Leroy deklare pou ki sa li pa renmen tout kandida yo, se paske, « yo tout vle vann peyi-a/ak meriken pou plen pòch yo. »

De powèt sa yo itilize espas diferan pou eksplike santiman politik yo. Baron te itilize lari pou montre nati politik powèm li kote Morisseau-Leroy itilize grafiti anpil ayisyen konn itilize sou miray kay moun kòm espas pou esprime fristrasyon politik yo, e ki nan yon sans ki gen rezonans ak santiman melanje Leroy gen sou sitiyasyon politik peyi a tou.

Lari ak lavil kòm yon ekspresyon kont lamizè

Kèk fwa powèt itilize espas pou montre lamizè ak pòvrète nan lavi. Yo fè sa avèk deskripsyon espas oswa avèk kontra. Muller fè sa nan powèm li, « Yon ti fanm sèzan ki kanpe. » Nan powèm sa a, Muller kontraste lari avèk kay. Li dekri jan yon ti fanm kanpe nan lari:

On ti fanm sèzan
ki kanpe
kwen gran ri ak ri dèmirak
a onzè diswa
lan yon ti wòb fatige

Se ta, epi deskripsyon sa a poze kesyon, « pou ki sa li la ? » Muller kontinye epi li reponn kesyon sa a avèk rezon sa a.

Li pa p'tann kamyonèt
li pa p'tann pèsonn moun

Tout rezon moun ta tann pou konnen pou ki sa li nan lari, Muller di se pa sa.

Finalman, Muller bay repons kesyon an :

sèlman lakay li
manman-l grangou
prèt pou mouri
li pito ret kanpe la
gwo onzè diswa
lan fredy anba yon galeri
sou gran ri.

Li pentire yon imaj sou jan fredy nan lari a ta ka endezirab. Se nan kontra avèk yon lòt espas, kay ti fanm lan, kote manman l pral mouri. Muller itilize kontra sa a pou revele tristès sitiyaasyon an. Sitiyaasyon kote yon ti fi pral pèdi manman li akòz grangou. Se yon imaj pòvreté ki pwisan.

Martineau pran yon teknik diferan pou kreye yon efè similè. Martineau pran yon espas komèn, yon espas ki nan lavi chak jou. Li pran espas sa a pou montre pòvreté li wè ann Ayiti. Li fè sa avèk deskripsyon mache nan Pòtoprens. Martineau koumanse powèm avèk yon kesyon pou etabli jan anviwònman sa a se yonn ki pase chak jou :

Lè Pòtoprens ap reveye,
solèy la poko fin leve,
ki premye bagay nou tande?
Se machann yo k ap pase,
e yo genyen diferan chante pou ofri ou sa yo pote.

Isit, nan premye senk liy, liy yo rim. Se tankou yon chante, chante machann yo chante. Martineau itilize sans de odyans pou aksantye enpòtan son machann yo. Li fè sa paske pita nan powèm nan, sa machann di se enpòtan. Men pou lodyans,

se yon chante yo konn tande, yonn yo ka sonje san pwoblèm. Men Martineau montre jan chante a :

« Men bèl pwa, men mayi moulen,
men zorany Okap, men gwo bèl chadèk,
men akra, men labapen,
men mango, men ladous ki vyen kenèp. »

vin lapriyè :

« Bon pwochen tanpri souple,
gade jan solèy la cho,
fè m favè yon gode dlo,
ban mwen men pou mwen chaje,
si jounen an byen pase,
si tout pratik yo peye m a achte yon wòb kaliko,
pou m pote fè manman mwen kado. »

Machann sa yo sipliye moun ki pase yo pou achte sa yo pote. Avèk chanjman nan chante a, Martineau dekri difikilti pou ti machann yo nan fè komès. Pou machann yo, se sèl fason pou genyen lajan. Sinon, pa gen lespwa. Men Martineau remake :

Men se pa souvan
ke pratik yo genyen lajan,
machann yo chante,
men pèsonn pa achte.

Isit, Martineau di dirèkteman inefikasite pou travay ak chante yo. Se difisil pou yo genyen lajan avèk travay sa a, men se sèl fason pou yo genyen yon ti lajan. Men, menm si yo pa ka achte yon wòb pou manman yo. Anviwònman Martineau te pentire isit, montre difikilti lavi a pou anpil fanm yo ki se potò mitan fanmi ayisyen yo. Anpil fanm fè komès, men se pa yon travay ki ka soutni fanmi a. Nan powèm sa a avèk imaj mache, yon imaj tout moun konnen,

Martineau eseye fè moun konprann sa lòt moun santi, sa machann yo santi lè yo vann machandiz yo.

Itilizasyon mo kòm imaj nan pwezi yo

Nou te wè avan jan powèt yo te itilize lang kreyòl pou eksprime tout lide yo, lide politik, sosyal, ak lòt. Men, gen yon kesyon ki leve sou jan powèt yo santi yo sou koze lang espesifikman. Gen de powèm ki pale spesifikman sou pawòl oubyen sou koneksyon powèt yo avèk mo yo itilize. Se yon powèm Hyppolite, « Lapawòl, » ak yon powèm Trouillot, « Paj ekriti. »

Pawòl kòm pouvwa

Nan powèm li, « Lapawòl, » Hyppolite fè komantè sou pouvwa lapawòl, men an menm tan li kritike diktati ki pran lalibète pou mare lapawòl. Hyppolite koumanse powèm sa a avèk :

Lapawòl monte bwa
Vèvè Ogoun Feray
chire tan-an

Nan imaj lapawòl ki monte bwa bay yon imaj ki kouri. Lapawòl pè, donk li monte bwa pou kache. Li disparèt. Ogoun Feray se yon lwa gerye. Saint-Loi di, « he has the reputation of a political character who inspired Dessalines » (2003, 144). Anplis, Rigaud di li gen lojik, sajès ak entelijans (2001). Anplis, Burton di, « Ogou Feray, whose vèvè is based on the Haitian coat of arms, as though graphically to convey that what is beign enacted on the floor of the hounfor is nothing less than the drama of the Haitian nation itself » (1997, 249). An nou di « vèvè Ogoun Feray/chire tan-an, » se kòm Hyppolite di, « batay pa janm fini, » epi isit nou wè yon batay pou lalibète pawòl. Hyppolite kontinye :

Youn etidyan san lekòl
pèdi lapawòl nan Titanyen^{vi}

souf li
se kout lè
langay loksijèn
nan kè tidife boule
ap tann van
pou fè boukan danse

Pawòl li klete
men rèv li
se latriye mo monte
k'ap deplòtonnen fòs nou.

Etidyan an pèdi lapawòl akòz laperèz, anba tirani, li ta ka pèdi lavi li pou pawòl li. Anplis, san yon lekòl, li pa gen yon moun pou anseye li nan yon manyè diferan, pou anseye li pou pa pè epi pou itilize pawòl li. Donk, alye itilize pawòl li, li pèdi yo. Men menm si li te pèdi pawòl li, pawòl la toujou la, l ap tann pou yon moman pou li ka deklanche. Metafò isit avèk dife fè yon koneksyon avèk premye pati powèm nan, avèk Ogoun Feray, moun kèk fwa asosye li avèk dife (Saint-Loi 2003). Anplis, nan denyè lin, Hyppolite di mo ka « deplòtonnen fòs nou. » Avèk mo sa yo, yo ka twouve fòs, pouvwa. Mo ak pawòl se pouvwa.

Lanmou ant powèt ak mo li itilize

Nan powèm Trouillot, « Paj ekriti, » nou wè jan powèt gade mo li lè li ekri.

Se yon ti powèm, 5 lin :

ou kanpe nan maj la
w ap jwe nan rèv mo yo
paj pa paj
n ap fè lanmou
sou papyè kadriye

Ladan, Trouillot itilize mo ki fò pou dekri eksperyans li avèk ekriti. Li dekri li kòm yon jwèt « nan rèv mo yo. » Se amizan, men li chaje ak pasyon tankou li endike lè li itilize metafò « fè lanmou. » Li ak paj devan li, yo se yon koup nan

lanmou. Paj apre paj, Trouillot vide pasyon li nan paj avèk anpil mo ki nan liy
dwat ak lanmou.

Konklizyon

Nan travay sa a sou pwezi an kreyòl ann Ayiti soti nan lane 1975 rive 2000, nou te konstate pwodiskyon anpil zèv literè pibliye an kreyòl. Yonn nan eleman kle nou te jwenn kay tout powèt yo, anwetan diferan tèm yo chak te devlope nan pwezi yo, se volonte yo tout pou kreye yon literati kreyòl ki montre idantite e ki chita sou reyalite y ap viv chak jou. Kon sa, pwezi pa yo, nan yon sans te yon pwezi ki angaje paske ou jwenn anpil nan travay yo te toujou denonse pwoblèm sosyal k ap minen peyi a. Epi tou, se tankou chak powèt yo t ap envite ayisyen pou yo retounen nan rasin lengwistik yo antan y ap valorize lang yo ki se kreyòl.

Jan Mapou te di « Creole makes Haitians vibrate : that's why our literature needs to be in Creole » (“Creole NOT Allowed Here: An Interview with Jan Mapou, Haitian-Creole Advocate” 2016). Kreyòl « fè ayisyen vibre » epi kreyòl « simante tout ayisyen. » Eske sa se rezon powèt yo ekri an kreyòl ? M te mansyone nan entwodiksyon ke lè powèt yo ekri an kreyòl, powèt yo batay pou ede lang lan jwenn plas li nan sosyete a. Men nou wè tou nan diferan antoloji m te chwazi yo fason chak powèt te itilize lang lan, epi reyalite yo te dekri ki konekte avèk tout ayisyen ak avèk lavi pa yo tou. Nan imaj m te analize yo isit, nou wè konèksyon lavi avèk tèm yo. Deita te pran limaj chwal ke ayisyen ki rete adeyò te konn wè chak jou. Li itilize imaj sa pou eksprime oppresyon Etazini te mete sou Ayiti. Nan itilize kreyòl, powèt yo ka pran listwa, kilti, pwovèb pa yo pou eksprime sa yo vle di.

Menm si m pa te vreman analize pwovèb nan powèm yo. M vle note enpòtans yo nan pwezi yo, epi montre kèk egzanp nan powèm yo. Lapawòl an Ayiti toujou plen ak pwovèb. Se tankou gen yon pwovèb pou preske chak sitiyasyon yon moun fè fas pou fas ak li. Pwovèb bay anpil konpreasyon nan lavi ak nan sitiyasyon yo. Kèk fwa, powèt itilize pwovèb pou di sa yo vle di, tankou nan, powèm Hyppolite, « Fanm, » lè li di, « fanm pran sèt so/ avan l'di alatraka. » Men lòt fwa yo chanje pwovèb ti kras, tankou nan powèm Scott, « Loray Kale, » kote li di, « krab mache krab gra. » Nòmalmman, pwovèb ale, « krab pa mache, krab pa vin gra. » Men nan sans sa a, pawòlè a spere « yon jou va vyendra/ solèy pou klere/ tout loray kale. » Yon jou, yo pral gen yon chans. Mache yo pral rezilte nan gra. Gen lòt egzanp kote powèt te itilize pwovèb kon sa. Avèk itilize yo, powèt yo ka ajoute yon lòt konplèksite nan langaj ak imaj yo epi li kreye yon lòt lin ant powèm sa a avèk ayisyen yo.

Nou wè nan peryòd pwezi sa a, se yon peryòd tranzisyon; yon tranzisyon ki soti nan yon peryòd otonomi pou rive nan yon peryòd rèk. Nan diferan antoloji nou te analize yo, nou te wè kalite kreyòl ki te kouche nan yo plis sanble ak yon kreyòl swa (yon varyete pale ou jwenn nan bouch moun ki ale lekòl) pase yon kreyòl rèk ki se yon varyete ou jwenn lakay moun ki pa alafabetize yo. Men, nan menm peryòd sa a tou, anpil powèt yo te adòpte varyete kreyòl rèk la pou konekte powèm yo ak rasin lengwistik pèp ayisyen an. Nan chak imaj nou wè nan travay sa a : bèt, kò, nati, espas, ak lapawòl, gen anpil kalite espresyon ak

imaj popilè nou te kwaze ki montre nou se tankou powèt la te kite moun ki pa gen vwa yo pale nan langaj pa yo.

Nan powèm nou te wè nan travay sa a, yo te gen konplèksite ki kapab pouse yon moun entèprete yo diferan fason. Pèsonn pa ka gade pwezi a epi di yo pa gen yon espas nan literati pwezi a. Kon sa, nan kontinye ekri an kreyòl, powèt sa yo trase yon chimen pou sila yo ki vini apre. Nou wè isit, jan powèt yo te itilize teknik ak imaj nan fason diferan pou eksprime reflechi pa yo. Anplis, nou te wè yon fòm pwezi ki inik pou pwezi ayisyen, fòm pwent. Nouvo kò literati ekri ak pibliye an kreyòl sa a kreye yon esaps pou etidye powèt ayisyen nan lang pa yo. Anplis avèk kò literati sa a, Ayiti pral gen yon baz pou etidye li an lekòl, yon baz pou klas literati kreyòl an lekòl, yon baz pou anseye elèv yo an kreyòl. Anplis, lespwa mwen se kòm powèt ak otè kontinye ekri an kreyòl, moun pral kontinye analize travay yo nan yon sans literati.

Apenndis

Tab 1:

| Powèt | <i>Istwa Pwezi Kreyòl</i> | <i>Anthologie de la littérature haïtienne</i> | <i>135 poètes Créoles d'Haïti</i> | <i>Open Gate</i> | <i>Pawòl Kreyòl</i> | <i>Pawòl ki ekri an kreyòl ayisyen</i> |
|-------------------------|-----------------------------------|---|---|----------------------|-------------------------|--|
| Raymond A. Moysse | 1 | 0 | 0 | 0 | 0 | 2 |
| Joseph T. Moise | 2 | 0 | 3 | 0 | 3 | 0 |
| Pyè Banbou | 4 | 0 | 2 | 2 | 2 | 2 |
| Rudolph Muller | 2 | 3 | 2 | 1 | 3 | 5 |
| Lyonel Trouillot | 2 | 3 | 2 | 2 | 1 | 2 |
| Pauris Jean-Baptiste | 2 | 0 | 3 | 0 | 3 | 2 |
| Jan Mapou | 1 | 0 | 1 | 2 | 1 | 2 |
| Deyita | 1 | 0 | 1 | 1 | 1 | 0 |
| Jean-Claude Martineau | 1 | 2 | 2 | 3 | 2 | 4 |
| Michel-Ange Hyppolite | 3 | 1 | 1 | 3 | 1 | 0 |
| Pierre Richard Narcisse | 1 | 2 | 3 | 1 | 3 | 2 |
| Bob Lapierre | 1 | 0 | 1 | 1 | 1 | 0 |
| Paul Lapierre | 1 | 1 | 0 | 4 | 0 | 0 |
| Serge Madhère | 2 | 2 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Keslèbrezo | 2 | 0 | 2 | 0 | 2 | 0 |
| Manno Ejèn | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | 0 |
| Dominique Batrville | 1 | 1 | 1 | 4 | 1 | 0 |
| Nounous | 1 | 0 | 0 | 3 | 0 | 0 |
| Josaphat Large | 2 | 2 | 1 | 2 | 1 | 0 |
| Syto Cavè | 1 | 1 | 0 | 1 | 0 | 6 |
| Janjan Dezire | 2 | 0 | 1 | 2 | 1 | 0 |
| Dorcéna F. Dorzilmé | 1 | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 |
| Kiki Wainwright | 1 | 1 | 2 | 2 | 2 | 0 |
| Emmanuel W. Védrine | 1 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| Andrefitz | 1 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |

| | | | | | | |
|------------------------------|---|---|---|---|---|----|
| Dossou | | | | | | |
| Jean-Éphèle Milcé | 2 | 2 | 2 | 0 | 2 | 0 |
| Félix Morisseau- Leroy | 0 | 3 | 6 | 5 | 6 | 10 |
| Georges Castera Fils | 0 | 5 | 9 | 5 | 9 | 14 |
| Antonio Rival | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Joseph Christophe | 0 | 0 | 2 | 0 | 1 | 0 |
| Jean Clotaire Saint-Natus | 0 | 0 | 1 | 1 | 1 | 3 |
| Robert Manuel | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 4 |
| St John Kauss | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Mc Donald D. Prosper | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Makso Kaliks | 0 | 0 | 3 | 0 | 1 | 0 |
| St-Jacques Louverture | 0 | 0 | 2 | 0 | 2 | 0 |
| Floren's Mucci | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Philippe Toussaint | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Jean-Bertrand Aristide | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 |
| Jan Sebon | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Pierre M. Armand | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Antoine Augustin | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Frantz Brice | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Karl-Henry Reyi | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 |
| Denize Lauture | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 |
| Maruice Cadet | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 |
| Lenous Suprice | 0 | 0 | 2 | 0 | 2 | 0 |
| Patrick | 0 | 0 | 3 | 3 | 3 | 0 |

| | | | | | | |
|-----------------------------|---|---|---|---|---|---|
| Sylvain | | | | | | |
| Lochard Noel | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Jean Ermoce Dugé | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Berthony Dupont | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Joseph Jackson | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Gary S. Daniel | 0 | 0 | 1 | 3 | 1 | 0 |
| Guy Gérald Ménard | 0 | 1 | 1 | 0 | 0 | 0 |
| Evelyne Trouillot | 0 | 2 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Chichon | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Christophélès | 0 | 1 | 1 | 0 | 2 | 0 |
| Fouad André | 0 | 2 | 1 | 0 | 1 | 1 |
| Auguste Bonel | 0 | 1 | 1 | 0 | 1 | 0 |
| Frank Fouché | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 |
| Claude Innocent | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 |
| Rassoul Labuchin | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 |
| Emile Célestin- Mégie | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 |
| Jean Dorcely Dede | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 |
| Jaqueline Scott | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 |
| Suze Baron | 0 | 0 | 0 | 3 | 0 | 0 |
| Cauvin L. Paul | 0 | 0 | 0 | 2 | 0 | 0 |
| René Philoctete | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 1 |
| Carlo Résil | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 |
| Alexander Akao | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 |
| Denizé Lautare | 0 | 0 | 0 | 3 | 0 | 0 |
| Daniel Simidor | 0 | 0 | 0 | 2 | 0 | 0 |

| | | | | | | |
|--------------------------------|---|---|---|---|---|---|
| Boadiba | 0 | 0 | 0 | 3 | 0 | 0 |
| Hilario Batista Felix | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 |
| Tontongi | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 | 0 |
| Émile Roumer | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| Jean-Claude Bajeux | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 | 2 |
| Lyonel Vilfort | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| Gary Augustin | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| Jacques Roche | 0 | 1 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| Philippe Thoby- Marcelin | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 1 |
| Rodney St- Eloi | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 1 |
| Frantz Coulanges | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 1 |
| Tiparis | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 2 |
| Michel-Rolph Trouillot | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 2 |

Tab 2:

| Powèt | Nimewo inik powèm |
|-------------------------|-------------------|
| Pyè Banbou | 8 |
| Rudolph Muller | 14 |
| Lyonel Trouillot | 9 |
| Felix Morisseau-Leroy | 20 |
| Georges Castera Fils | 30 |
| Syto Cavé | 8 |
| Jan Mapou | 7 |
| Pierre Richard Narcisse | 9 |
| Pauris Jean-Baptiste | 9 |
| Clotaire Saint-Natus | 4 |
| Jean-Claude Martineau | 9 |
| Michel-Ange Hyppolite | 9 |
| Serge Madhère | 6 |

| | |
|---------------------|---|
| Manno Ejèn | 6 |
| Dominique Batrville | 7 |
| Josaphat Large | 6 |
| Kiki Zqinzright | 4 |
| Janjan Dezire | 8 |
| Jean-Éphèle Milcé | 2 |

Sous [bibliyografi]

Airey, Isabelle. 2008. "The Nexus between Language and Identity in the Caribbean/Caribbean American Context." STATE UNIVERSITY OF NEW YORK AT STONY BROOK.

<http://gradworks.proquest.com/33/38/3338195.html>.

Averill, Gage. 2008. *A Day for the Hunter, a Day for the Prey: Popular Music and Power in Haiti*. University of Chicago Press.

Bajeux, Jean-Claude. 1999. *Mosochwazi Pawòl Ki Ekri an Kreyòl Ayisyen = Anthologie de La Littérature Créole Hatienne [Sic]*. [Port-au-Prince, Haiti?]: Editions Antilia,.

"Bèl Antre." 2017. Accessed April 5. <http://kreyol.org/>.

Boadiba, Jack Hirschman, and Paul Laraque. 2001. *Open Gate : An Anthology of Haitian Creole Poetry*. 1st ed. Willimantic, Conn.: Curbstone Press,.

Burton, Richard D. E. 1997. *Afro-Creole: Power, Opposition, and Play in the Caribbean*. Cornell University Press.

Castera, Georges. 2003. *Anthologie de La Littérature Haïtienne : Un Siècle de Poésie, 1901-2001*. Montréal: Mémoire d'encrier,.

Charles, Christophe. 2000a. *Pawòl Kreyòl : Literati Kreyòl an Ayiti, 1750-2000 = La Littérature Haïtienne D'expression Creole, 1750-2000 : Histoire et Anthologie*. Port-au-Prince, Haiti, W.I.: Editions Choucounne,.

— — —. 2000b. *Pawòl Kreyòl : Literati Kreyòl an Ayiti, 1750-2000 = La Littérature Haïtienne D'expression Creole, 1750-2000 : Histoire et Anthologie*. Port-au-Prince, Haiti, W.I.: Editions Choucounne,.

— — —. 2011. *135 Poètes Créoles d'Haïti de 1750 À 2011 : Anthologie*. Port-au-Prince: Editions Choucounne,.

“Creole NOT Allowed Here: An Interview with Jan Mapou, Haitian-Creole Advocate.” 2016. *The Whimsical Project*. November 15.
<https://mjfièvre.com/creole-not-allowed-here-an-interview-with-jan-mapou-haitian-creole-advocate/>.

Dupuy, Alex. 2005. “From Jean-Bertrand Aristide to Gerard Latortue: The Unending Crisis of Democratization in Haiti.” *Journal of Latin American Anthropology; North Miami* 10 (1): 186–205.

Hyppolite, Michel-Ange. 2000. *Istwa pwezi kreyòl Ayiti*. Coconut Creek, FL: Educa Vision.

Jenson, Deborah. 2011. *Beyond the Slave Narrative : Politics, Sex, and Manuscripts in the Haitian Revolution*. Liverpool: Liverpool University Press,.

“Konstitisyon Repiblik Ayiti, 1987.” 2017. Accessed April 17.
<http://www.dloc.com/AA00000626/00001/3j>.

“Littérature d’Haïti.” 2000. *Île En Île*. October 12. <http://ile-en-ile.org/litterature-haiti/>.

Lubin, Maurice Alcibiade, and Carlos Saint-Louis. 1970. *Panorama de La Poesie Haitienne*. Nendeln: Kraus Reprint,.

“Lyonel Trouillot « Global France.” 2017. Accessed April 5.
<https://sites.duke.edu/globalfrance/lyonel-trouillot/>.

Morisseau-Leroy, Félix. 1983. *Dyakout 1,2,3, Ak Twa Lòt Poèm ; Sa M-Di Nan Sa, Dépestre ; Yon Veye Mòn Èkil Pou Jak Aleksì ; Botpipèl*. Miami, Fla.: Jaden Kreyòl ; Distributed by Haitian Book Centre.

Organization of American States. 1988. "Annual report on the Inter-American Commission on Human Rights 1988." Accessed 2017.

<http://www.cidh.org/annualrep/86.87eng/toc.htm>

"Potomitan : Annou Voyé Kréyol Douvan Douvan." 2017. Accessed April 5.

<http://potomitan.info/>.

Rigaud, Milo, and Odette Mennesson-Rigaud. 2001. *Secrets of Voodoo*. Translated by Robert B. Cross. San Francisco: City Lights Publishers.

Roumain, Jacques. 1968. *Gouverneurs de La Rosée; Roman*. Paris, Éditeurs français réunis [1968] : Éditeurs français réunis.

Saint-Germain, Michel. 1997. "Problématique linguistique en Haïti et réforme éducative : quelques constats." *Revue des sciences de l'éducation* 23 (3): 611-42. doi:10.7202/031954ar.

Saint-Lot, Marie-Jose Alcide. 2003. *Vodou, a Sacred Theatre: The African Heritage in Haiti*. Educa Vision Inc.

Nòt

ⁱ Tankou nan lòt lang gen diferans nan fason ayisyen pale kreyòl. Gen yon kreyòl swa ki se yon varyete pale ou jwenn nan bouch moun ki ale lekòl ak yon kreyòl rèk ki se yon varyete ou jwenn lakay moun ki pa alafabetize yo Anplis, tankou lòt peyi frakofòn, franse an Ayiti gen kèk diferans nan franse pase nan Frans.

ⁱⁱ Sosyete koukouy se yon sosyete literè ki nan Miyami ki te vle prezève kilti ayisyen an Etazini.

ⁱⁱⁱ gade nòt i.

^{iv} Premye fwa liv sa a te pibliye, otè a identifye kòm yon kolon Sen-Domeng, men nan dezyèm (1811), li identifye kòm yon habitan d' Ayiti.

^v Kako te moun ki te batay kontre Ameriken pendan peryòd okipasyon Ameriken. Yo te itilize lagè geriya.

^{vi} Titanyen te yon marekaj kote FRAPH (Front pour l'Avancement et le Progrès d'Haïti) te antere anpil moun yo te kwè te sipòtè Aristide (Dupuy 2005).